

Ekonomi sosyal epi solidè, yon apwòch pou nou soutni nan peyi a

Samuel Pierre

Konsèp ekonomi sosyal epi solidè a se yon makòn antrepriz ki òganize sou fòm kowoperativ, sosyete mityèl, asosyasyon oubyen fondasyon. Aktivite epi fonksyonman entèn antrepriz sa yo chita esansyèlman sou yon prensip solidarite epi itilite sosyal. Kalite antrepriz sa yo swiv divès mòd jesyon demokartik, kote tout moun mete men. Antrepriz sa yo siveye fason moun yo sèvi ak benefis yo fè sou lajan yo investi yo. Pa gen moun ki la pou fè benefis pou tèt yo; lajan ki rantrè kòm pwofi yo sèvi pou fè pi plis investisman (1).

Nan ekonomi sosyal epi solidè, nou jwen aktivite pwodiksyon, transpòtasyon, distribisyon, echanj epi konsomasyon pwodui moun yo fè oubyen sèvis kowoperativ la, mityel oubyen antrepriz la mete sou pye. Ekonomi sosyal epi solidè chita sou senk (5) prensip fondatè ki se: libète patisipasyon chak moun, okenn pwofi individyèl, yon jesyon demokratik ak patisipatif, projè yo dwe genyen itilite kolektif ak sosyal, ak yon melanj resous piblik ak prive pou finansman (2).

Daprè prensip libète chak moun genyen pou li antre nan yon antrepriz ekonomi sosyal, pyès moun pa kab fòse pèsonn pou li vin manm kalite antrepriz sa yo oubyen pou li toujou rete manm antrepriz la kont volonte li. Daprè prensip libète endividyèl sa a, ki se fondas lavi tout asosyasyon, antrepriz tankou kowoperativ yo, se antrepriz ki genyen yon kapital ki ap chanje, paske moun ki ap fè lajan ladan yo, ki se anpil fwa asosye ladan yo, ka deside vann kowoperativ la aksyon pa yo a si yo vle kite antrepriz la.

Yon moun pa kab fè pwofi pou tèt li, men sa pa anpeche ogmantasyon lajan ekstra. Alavèrite, kowoperativ yo, sosyete mityèl yo epi kèk asosyasyon genyen anpil lajan ekstra; sa ki pa dwe

fèt se kesyon pou yon moun genyen yon pakèt lajan pou tèt pa li ase. Règ sa a se yon obligasyon pou tout asosyasyon, kote pa genyen okenn dividann ki kab al jwenn manm yo. Menm règ sa a kab gen ti chanjman ladan anndan kowoperativ yo, kote moun ki touche yo kapab genyen yon pati nan benefis ki fèt la pou tèt pa yo sou fòm patisipasyon oubyen dividann. Sepandan, pyès moun pa kab vann yon kowoperativ ni tou pwofi lavant lan pa pe janm kab separe ant manm yo.

Prensip jesyon demokratik yo mande pou moun yo pran tout desizyon estratejik yo pandan asanble jeneral la, daprè menm prensip sa a se yon manm yon vòt. Fonksyonman demokratik sa a ale nan sans pase enfòmasyon epi li fasilite patisipasyon. Li ale pi lwen pase patisipasyon sou plan lajan nan kapital asosye yo, moun ki ap travay yo epi divès lòt moun ki la pou fè antrepriz la mache.

Enpòtans pwojè a sou plan tèt ansanm ak sou plan sosyal se paske ekonomi sosyal la ekziste pou byennèt kolektivite a. Se pa yon pwojè ki la pou regle zafè yon sèl moun. Regwoupman sa a, se kab yon teritwa, yon gwoup sosyal, yon kolektif travay, yon lide, eksetera. Nosyon itilite sosyal la, se yon demach ki mete ansanm divès patnè (moun ki ap jwenn sèvis la, moun ki ap touche yo, pouvwa piblik yo, rezo asosyasyon yo, elatriye) pou defini byen ak sèvis ki pou itil tout moun.

Melanj resous yo chita sou prensip tout resous ki nan sektè sa a ka prive (kowoperatif ak sosyete mityèl) yo ka melanje sa vle di, yo ka genyen (divès asosyasyon). Òganizasyon ki nan ekonomi sosyal yo pa gen okenn rapò ak pouvwa piblik yo, yo kab rekonèt yo kòm patnè privilejye nan aplike politik jeneral yo (bay travay, lasante, devlopman lokal, sitwayènte, elatriye)

epi anretou, yo kab jwenn sibvansyon, èd espesyal pou travay oubyen avantaj fiskal.

Anwetan kèk kowoperativ finansye ak agrikòl ki pasi-pala sou teritwa a, ekonomi sosyal epi solidè a pa twò devlope an Ayiti. Pa genyen okenn ankadreman legal ki pou fasilite devlopman yo nan peyi a. Poutan, si genyen yon konsèp ki ta kab rann milye sosyo-ekonomik yo, patikilyèman andeyò, pi dyanm se ta ekonomi sosyal epi solidè a. Anfèt, pou kreye plizyè santèn milye travay peyi a bezwen toupatou epi pou bay moun yo diyite, li ta bon pou yo sèvi ak sistèm ekonomi sosyal epi solidè a. Se yon mòd fonksyonman ki kab sèvi pou kreye byen ak sèvis nan anviwonman imedyat popilasyon an epi ki kab favorize devlopman lokal.

Nou genyen yon rezo ekonomi sosyal epi solidè kòmanse ap boujonnen. Nou espere inisyativ sa a va devlope epi li va ede, menm si se tou piti, yon ti kras pou diminye chomaj rasi ki ap kokobe peyi a. ■

BIBLIYOGRAFI

- 1 <http://www.economie.gouv.fr/cedef/economie-sociale-et-solidaire>
- 2 http://www.alternatives-economiques.fr/la-definition-de-l-economie-sociale-et-solidaire_fr_art_350_27927.html

